

## RINGKESAN

Panaliktikan ieu didorong kukaayaan pandemi sahingga neuteupkeun kawijakan *work from home* (WFH). Kementrian di indonesia oge atos ngaluarkeun kawijakan nyaeta ngaliburkeun atanapi nutup sakola teras di gentos ku kagiatan diajar-ngajar (KBM) ku ngagunakeun sistem online (daring). Panaliktikan ieu gaduh tujuan pikeun masihan teurang pangaruhna ngagunakeun google classroom kana hasil diajar siswa dikelas SDN 031 pelesiran bandung. Panaliktikan ieu dilaksanakeun ti kaping 07 juni dugi ka kaping 09 juni 2022. Cara anu di anggo dina ieu panaliktikan nyaeta metode kuantitatif kalayan jenis panaliktikan desain kuasi eksperimen (quasi eksperimental design). Tehnik sampling anu dianggo dina ieu panaliktikan nyaeta *non probability sampling* kalayan jumlah sampel 20 jalmi nyaeta kelas VA SDN 031 Pelesiran Bandung. Kalompok eksperimen diajar ngagunakeun *google classroom*,sedeungkeun kelas kontrol diajar ngagunakeun model pangajaran konvesional. Instrumen panaliktikan anu dianggo nyaeta observasi sareng tes. Soal tes anu dianggo dina ngawangun soal pilihan ganda seueurna 20 soal pikeun ngukur hasil diajar siswa. Hasil tina panaliktikan nunjukeun yen pangajaran lumangsung sacara efektif,hal ieu ngabuktoskeun ku ngaronjatna hasil diajar siswa kelas eksperimen anu leuwih luhur batan ngaronjatna hasil diajar siswa kelas kontrol. Hasil uji hipotesis ngagunakeun uji *independent sample t-test* kalawan nilai t dietang saageung  $| 3395 | > 2.085$  t table sarta dipikateurang nilai sig. (2.tailed) saageung  $0,02 < 0,05$ . Uji hipotesis ngagunakeun uji *paired sample t-test* kalawan nilai t dietang saageung  $| 21,059 | > 2,085$  sarta dipikanyaho nilai sig. (2-tailed) saageung  $0,00$  hartina nilai sig.  $< 0,05$  sateurasna dilaksanakeun uji *effect size* nilai na kengeng saageung 1.08. Jadi bisa dicindeukkeun yen aya pangaruh sareng beda dina hasil diajar siswa kelas eksperimen nu dikasih pangajaran sareng *google classroom*.

Kecap konci : *google classroom*. Hasil diajar